Bhaibheri re vana

Rikukupai

Mwari paakasika zvese

Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes

Rakafanidzirwa ne: Byron Unger; Lazarus Alastair Paterson

Rakatorwa na: Bob Davies; Tammy S.

Rwakashandurwa na: Phiri Williams

Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

©2020 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Ani akatisika? Bhaibheri, Mazwi a Mwari, rinotiudza zvaakaita Mwari pakusika munhu. Mwari akasika munhu akamupa zita rekuti Adamu. Mwari akasika munhu kubvira muvhu repanyika. Mwari akaisa upenyu muna Adamu, akararama. Akava mumunda weEdeni.

Mwari asati asika Adamu, akagadzira nyika yakanaka yakazara nezvinhu zvinoshamisa. Chimwe nechimwe Mwari akasika makomo nenzvimbo dzaka dzika, yakaoma anonhuwirira nemiti mirefu, shiri dzakawanda ne nyuchi, zvinhu zvese zviri mumakungwa nehozhwe.

Pekutanga, munguwa Mwari yaainge asati asika chinhu, painge pasina chinhu chese asi Mwari ega. Painge pasina vanu kana nezvinhu zvese. Painge pasina chinhu. Kwainge kusina kuchena nerima. Painge pasina nyika nedenga. Kusina zuro uye kusina magwana. Kuna Mwari ega pasina pekutanga. Mwari akaita!



Pakutanga, Mwari
akasika kudenga
nenyika.

Panyika painge pasina chinhu. Rima rainge riri pamusoro. Mwari akati. "Ngakuve nechiedza."



Pakave nechiedza. Mwari akatumidza chiedza kuti zuva rima akaritumidza kuti usiku. Manheru ne mangwanani akave zuva rekutanga.



Pazuva rakatevera, Mwari akatora mvura mumakungwa makuru ne madiki munzvimbo dzacho pasi pedenga. Pazuva rechitatu, Mwari akati, "nyika taoma ibude." Zvikaitika.



Mwari akaudza uswa ne maruwa nemakwenzi nemiti zvibude. Zvakaoneka. Manheru nemangwanani akave zuva rechitanhatu.

Mwari akasika zuwa, nemwedzi,
nenyeredzi zhinji hapana munhu
anokwanisa kudziverenga.
Manheru ne mangwanani
ainge zuva rechishanu.

Zvipuka zvemugungwa nehove neshiri zvainge zvichitevera pazvinhu zvaaida Mwari. Pazuva rechishanu akasika hove huru nediki, shiri huru dzine makumbo marefu neshiri diki dzinofara. Mwari akasika hove dzese kuti dzizadze mumvura yepanyika neshiri dzakasiyana siyana kuti dzifare panyika nemug kungwa nemudenga. Manheru nemangwanai ainge zuva rechitanhatu.

Mushure maizvozvo, Mwari akataurazve. Akati, "Nyika ibudise zvipuka zvinorarama ..." Mhuka dzese dzino kambaira nedzinobhuruka. Painge pane nzou ne zvipuka zvino dimbura miti ne mazino. Painge pane tsoko ne makarwe. Nemakonye anofambira kwese kwese nezvimwe zvinobata huku nemafurira mudenga nekiti. Mhuka dzese dzakasikwa naMwari zuva iroro.

Uye manheru nemangwanani akave zuva rechitanhatu.



Mwari akasika chimwe chinhu pazuva rechitanhatu chimwe chinhu chakakoxhesesa. Zvinhu zvese zvakange zvamirira munhu. Pakange paine zvekudya muminda nemhuka zvaishandira munhu. Mwari akati, "Ngatisike munhu nemufananidzo wedu. Ave ishe pamusoro pezvinhu zvese panyika."

MWARI AKASIKA MUNHU NEMUFANANIDZO WAKE, NEMUFANANIDZO WAKE MWARI AKASIKA MUNHU ...



Mwari
akataura
naAdamu.
“Idya chaunoda
mumunda. Asi
usadye zvemuchero
unozivisa zvanaka
ne zvakaipa. Ukadya
zvirokwazvo uchafa.”

Mwari Ishe vedu akatawura, “Hazvina kunaka kuti munhu agare ega. Ndichamuitira mubatsiri wake.” Mwari akauya neshiri nemhuka kuna Adamu. Adamu akazvipa mazita zvese. Adamu ainge munhu akange akangwara pakuita izvozvo. Pazvinhu zvese painge pasina chinhu chaitamba ne Adamu.

Mwari akararisa Adamu hope huru, hope huru. Akabvisa mbabu imwe chete yaAdamu, Mwari akaita munhukadzi kubvira pa mbabvu yaAdamu. Mukadzi akapiwa Adamu ainge akanaka kuve naAdamu.

Mwari akasika zvinhu zvese mumazuva matanhatu. Mwari pazuva rechinomwe akazorororora pazuva iroro. Mumunda weIdeni, Adamu ne mukadzi wake vainge vane rufaro vainge vachiteerera Mwari. Mwari aive Mwari wavo, aive Mupi wazvose uye ari shamwari yavo.

Mwari paakasika zvese

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Genesisi 1-2

“Mazwi enyu anotipa kuchena.”
Mapisarema 119:130

Magumo

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti ndikuteererereyi, ndirarame semwana wenyu. Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16